edurim_uz

# TÁRBIYA 2

## BAXÍT HÁM TABÍS SÍRLARÍ

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń
2-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw
ministrligi tárepinen usınılǵan



Ǵafur Ǵulam atındaǵı
baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi
Tashkent – 2020

edurtm_uz

UÓK 17(075.2)
KBK 87.7ya71
T 38

**Ismatova Nargiza, Zokirova Sevara, Mo'minova Laylo, Rahimjonov Durbek, Ro'ziyeva Dilnoz, Islomov Zohidjon, Sattorov Shuhrat, Zamonov Zokir, Mahmudov Obiddin, Madaliyeva Sevara, Shermuhamedova Saodat, Akkulova Saodat, Xolmuxamedova Nilufar**

**Juwaplı redaktorlar:**

**Z. Islamov** — filologiya ilimleriniń doktorı, professor.
**D. Kenjayev** — tariyx ilimleriniń kandidatı.

**Pikir bildiriwshiler:**

**M. Quronov** — Respublikalıq Ruwxıy hám aǵartıwshılıq orayı baslıǵınıń orınbasarı;
**L. Gaynuddinova** — Respublikalıq diagnostika orayı direktorı;
**Z. Jabborova** — Respublikalıq bilimlendiriw orayı "Jámiyetlik pánler" bólimi metodisti;
**F. Karimova** — Tashkent qalası Shilanzar rayonı 281-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń baslanǵısh klass muǵallimi.
**G. Bekmuratova** — Nókis qalası 21-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń baslawısh klass muǵallimi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komitet, Respublikalıq Ruwxıy hám aǵartıwshılıq orayı, Ózbekstan Jazıwshılar awqamınıń tiyisli juwmaqları tiykarında basıwǵa tayarlanǵan.

**N. Ismatova hám b.**
Tárbiya: 2-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq. 1-basılım. – T.: Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2020. – 80 b.

*Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.*

UÓK 17(075.2)
KBK 87.7ya71

© N. Ismatova hám basqalar. 2020
© Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2020
*Qaraqalpaqshaǵa awdarma*
© «Bilim» baspası, 2020

ISBN 978-9943-6114-3-6

edurtm_uz

Assalawma áleykum, áziz balalar!

Mine, Sizler jáne bir jasqa úlkeydińiz. Sizlerdi mektebińiz intizarlıq penen kútpekte. Sizler, óz aldıńızǵa qanday maqsetler qoyǵan edińiz? Maqsetlerińizge erisiw ushın bolsa, bilimler saltanatın basıp ótiwińiz kerek.

Bilimler saltanatınıń wazıypaların óz waqtında orınlaw, sabaqqa kesh qalmaw, soraw beriwden sharshamaw, oń qol qaǵıydasına ámel etiw, ótirik sóylemew hám aq kewil bolıw sıyaqlı tártip qaǵıydalarǵa ámel etseńiz, ol sizge óziniń sırların ashadı.

Áziz balalar! Sizler bul tártip qaǵıydalardı orınlay alasız! Qolıńızdaǵı bul sabaqlıq bolsa sizlerdi tabısqa qaray jeteklеydi. Bunıń ushın bolsa, álbette, jol kórsetkishlerine itibar qaratıń! Olar siziń bilimińiz jáne de bekkem bolıwı ushın járdem beredi. Bilimler saltanatın tabıslı iyelewińizde sizlerge áwmet, isenim hám sabırlılıq tilеymiz.


**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**


**Shańaraq dógereginde**


**Dóretiwshilik jumıs**


**Bilesiz be?**


**Ádeplilik dúrdanaları**

edurtm_uz



# 1-TEMA: ÁLEMDI TAŃ QALDÍRǴAN DIYAR





## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. Siz azanda quyashtıń shıǵıwın baqlaǵansız ba? Baqlaǵan bolsańız kórinisin súwretlep beriń.
2. "Qumay yaki Perizat hám Bunyad" ertegin esittińiz be? Qumay qanday qus hám ol neniń belgisi esaplanadı?
3. Mámleketimiz atızlarında qanday ósimlikler jetistiriledi?
4. 1-, 2-, 3-, 4-, 6-súwretler menen 5-súwret arasında qanday baylanıs bar?
5. 7-, 8-súwretler tiykarında "Álemdi tań qaldırǵan diyar" qatarınıń mazmunına sáykes tekst dúziń.
6. 8-súwrette súwretlengen insanlar elimizdiń rawajlanıwına qanday úles qospaqta?

edurim_uz




1


2


3


4


5


6


7


8

edurim_uz



## Shańaraq dógereginde

### Ózbekstan

Alaplardı jayaw gezgende,
Bir ájayıp sezim bar edi mende.
Bir waqıtta gúllegen bağın,
Súyer edim Watan topırağın.

Dáryalardan qosıq aytıp óter edim,
Erteklerde esiter edim.
Hámmesin tıńlar edim, biraq,
Teńi joq bul gózzal bostan,

Uqsası joq, bul gózzal bostan,
Dástanlarda jırlanǵan gúlistan.
Ózbekstan dep atalar,
Onı súyip el tilge alar...

*Hamid Olimjon*



edurim_uz



## Dóretiwshilik jumıs

1. Hamid Alımjannıń “Ózbekstan” qosıǵında “Bir ájayıp sezim” haqqında aytadı. Ol qanday sezim-tuyǵı bolıwı múmkin?
2. Ózbekstanımızdı dúnyaǵa tanıtıw ushın ne islewimiz kerek, dep oylaysız?
3. Bilim alıw ushın qalay háreket etiw kerek?
4. Sizler nege qızıǵasız? Sizlerdiń qızıǵıwshılıǵıńız Ózbekstandı dúnyaǵa tanıtıwǵa xızmet ete aladı ma?
5. Sizlerdiń kishi yaki úlken jetiskenliklerińizden shańaraǵıńızdaǵılar, jaqınlarıńız quwanǵan ba? Álipbeni yadıńızda saqlap, erkin kitap oqıy baslaǵan kúnińizdi esleń. Sizler ushın bul úlken bayram bolǵan ba?
6. Sizlerden jaqınlarıńız kóp jetiskenliklerge erisiwińizdi kútedi. Sizler buǵan tayarsız ba?

## Bilesiz be?

### Abu Ali ibn Sino

13 jasınan baslawısh matematika, logika sıyaqlı ilimler menen shuǵıllana baslaǵan. 16—17 jasında belgili táwip—hákim bolıp tanılǵan.



edurtm_uz



## 2–3-TEMA: IMKANIYATLAR HÁM MÚMKINSHILIKLER



**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. "Imkaniyatlar", "múmkinshilikler" degende neni túsinesiz?
2. Sizlerdiń qanday múmkinshiligińiz bar?
3. Múmkinshiligińizdi ámelge asırıw ushın qanday imkaniyatlar bar?
4. Esińizde me, 1-klasqa kelgen kúni ustazıńız sizlerden ármanlarıńız haqqında soraǵan edi. Ármanlarıńızǵa erisiw ushın aldıńızǵa qanday maqset qoyǵansız?
5. Shańaraǵıńızdaǵılar óz ármanlarına qalay jetiskenligin soraǵansız ba?
6. Puqta bilimge iye bolıw ushın ne islewińiz kerek?
7. Tómendegi gáplerdi ózlerińizdiń maqsetlerińiz benen baylanıstırıp dápterińizge jazıń.

Men úlkeysem________bolaman.
Buniń ushın _________ kerek.
_______ ushın ___ bolıwım kerek.
_____ bolıwım ushın ___ den waz keshiwim kerek.
_______ tildi de úyreniwim kerek.



edurtm_uz



## Ilimniń basi – ádeplilik

Bir alım ádepliliktiń kórinisleri haqqında sáwbetlesiw ushın óz shákirtlerin úyine shaqırıptı. Bul sáwbetke qartayıp qalǵan ustazın da shaqırıptı.

Úyde jıynalǵanlar tárbiya, ádep-ikramlıq haqqında qızıqlı sáwbetti baslap jiberipti, alım awqat tayarlaw ushın shıǵıp ketipti.

Alımnıń ustazı qonaqqa biraz keshigip kelip, esik tárepte otırıptı. Ápiwayı kiyingen qartayǵan adamǵa hesh kim itibar da bermepti.

Jıynalǵanlardıń hámmesi bir-birin kútpey, dawısların kóterip ózleriniń pikirlerin aytar edi. Sol waqıtta bólmege alım kirip keldi hám ustazı menen sáwbetlese basladı. Sol waqıtta jıynalǵanlardan biri alımnan óz ara tartısıwǵa sebep bolǵan másele haqqında pikir soradı. Alım bul haqqında ustazınıń pikirin biliwi kerekligin aytıptı...



edurtm_uz





## Shańaraq dógereginde

1. Sizler ne dep oylaysız? Ne ushın alım tartıs haqqında dáslep ustazınıń pikirin bilmekshi boldı?
2. Sizler ne qılǵan bolar edińiz?
3. Sizler shákirtlerdiń óziniń ustazınıń gápin bólgenin qalay túsindiresiz?
4. "Ilimniń bası — ádeplilik" gúrrińin shańaraq aǵzalarıńız penen oqıp shıǵıń.



## Dóretiwshilik jumıs

1. Alımnıń sorawına ustazı ne dep juwap bergen bolıwı múmkin? Juwabıńızdı tómende berilgen tekst penen salıstırıp kóriń:
   Úlken jastaǵı ustaz biraz oylanıp, áste bılay dedi: *"Sizlerdiń tartısıńız aqırına jetpeydi, sebebi ózińizde joq nárse ústinde tartısıp atırsızlar".*
2. Gúrriń boyınsha juwmaq shıǵarıń.
3. "Biliń, gúzeniń ishi bos bolsa, dawısı qattı shıǵadı" maqalın gúrriń menen baylanıstırıń.
4. Úlken jastaǵı ustaz neni názerde tutqan? Tómendegi kesteden óz juwabıńızdı tańlań hám dápterińizge sızıń:

| Ilim | Ádep | Tárbiya | Baylıq | Aqıl |
|---|---|---|---|---|

edurtm_uz



*Qosıqtı yadlap alıń!*

# KÓSHEMDE BAR BIR BALA

Kóshemde bar bir bala,
Bul qosıǵım ol haqqında.
Atın aytpayman, sebebi
Bundaylar az sanaqta.



Sawatı joq sabaqlardan.
Jasırıwımız ne dárkar?!
Bul jılı da ekinshide,
Oqımaqta ol tákirar.



Qaylardadur qańǵıydı,
Mektepke kelmeydi jetip.
Kesh qalma, deseń
Qoyar qolın siltep.

Sózleri sonday jaǵımsız,
Ádepti hesh bilmeydi.
Ózinen basqalardı,
Itibarǵa almaydı.



Dúzilmese bul bala
Dástan etip tárıypin.
Pútkil elge jayaman.
Qosıp ismi – sharipin.

*Obid Rasul*

edurtm_uz



## 4-TEMA: MEN QANDAY INSAN BOLÍWÍM KEREK?

1. Eger maqsetińizge qaray umtılıwıńızdı transport quralı, dep qıyal etsek, siz ózińizdi qaysı transport quralı dep esaplaysız?



2. Bilimli bolıw ushın Sizlerge qanday imkaniyatlar berilgen?





3. Súwrette berilgen balalardıń imkaniyatı menen ózińizdiń imkaniyatıńızdı salıstırıp kóriń. ?







edurtm_uz



## Ata-ananıń ármanı

Murat demalıs kúnin asıǵıp kútedi. Sebebi shańaraq aǵzaları menen birgelikte kewilli sáwbetlesiwler Muratqa júdá unaydı. Búgin aǵası onnan keleshektegi ármanları haqqında soradı.

Shańaraq aǵzalarına óziniń ármanları haqqında aytıp berer eken, Murat ta aǵasınan ármanları haqqında qızıǵıp soradı.

“Balam, hárbir ata-ananıń ármanı, dáslep, balalarıń aqıllı, ádepli, keleshekte elge paydası tiyetuǵın jaqsı insan bolıwın kóriw”,—dedi aǵası.

Aǵasınıń sózlerinen tásirlengen Murat ata-anasınıń árman etkendey insan bolıwǵa ant etti.



### Dóretiwshilik jumıs

1. “Meniń shańaraǵım” temasında qıyalıńızdaǵı jaydıń súwretin salıń. Onda shańaraǵıńızdıń qaysı aǵzaları menen birge jasawdı qáler edińiz? Olardı belgiler menen kórsetiń.

edurtm_uz



## BUL BALALAR SIZLER MENEN QATAR BOLǴAN



Koreys milletinen bolǵan bul balanıń atı **Kim Ung-Yong.** Ol 3 jasında koreys, inglis, yapon, nemec tillerinde oqıw hám jazıwdı bilgen. 4 jasında Kim universitetke oqıwǵa qabıl etilgen. 15 jasında fizika pánleri doktorı ilimiy dárejesin alǵan.

Hindstanda tuwılǵan **Akrit Yasval** 7 jasında óziniń dáslepki xirurgiyalıq ámeliyatın ótkerip, dúnyanı ózine qaratqan. Onıń pacienti qońsısınıń 8 jasar kishkene qızı bolǵan. Házir ol kolledjda doktorlıq boyınsha oqımaqta.





Ózbekstanlı **Javohir Sindarov** 12 jasında grossmeystrlik dárejeni qolǵa kizgizgen. Aziyalı eń jas shaxmatshı sıpatında tariyxqa kirgen.

Habashstanlı **Mit Fudji** 3 jasında Lagosda ótkerilgen Sipa Press kórgizbesine foto kórgizbeleri menen qatnasıp belgili bolǵan. Házir onıń 3000 nan artıq foto kórgizbeleri bar.





**Danat Plyushinuetanvi** Taylandta tuwılǵan. Ol oǵada qábiletli bolıp, skripka shertedi hám súwret saladı. Ol 3 jasında Bankokda birinshi kórgizbesin ótkergen. Skripkanı bolsa 3 yarım jasında shertiwdi baslaǵan. Bunnan tısqarı ol ájayıp bayanatshı.

Avstraliyalı **Aelita Andre** óziniń dáslepki súwretlerin 9 aylıq waqtında salǵan. 2 jasında bolsa onıń birinshi kórgizbesi shólkemlestirilgen.



edurim_uz



# 5—6-TEMA: KEKSESI BAR ÚYDIŃ PERISHTESI BAR



## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. Shańaraq aǵzalarına qanday múnásibette bolıw kerek?
2. Kimge qanday qatnas etiledi?
3. Sizlerdiń shańaraǵıńızda qanday ádet hám dástúrlerge ámel etiledi?
4. Úkelerińizge qaysı ádetińiz benen úlgi bolasız?
5. Shańaraq aǵzalarıńızǵa qanday minnetdarshılıq bildiresiz?

## Demalıs kúni

Demalıs kúnleri anam hámmemizdi erte oyatadı. Aǵam, ájaǵam hám men bazarǵa baramız. Bizler kelgenshe ájapam menen sińlim úydiń aldın sıpırıp qoyadı.

Anam tandırda nan, somsa jabıwǵa da úlgeredi. Bazardan satıp alınǵan qaymaq, anam jawǵan ıssı nan hám somsalardı alıp, erte tańda atamnıń úyine

edurtm_uz



baramız. Atam menen kempir apam bizlerdi qushaq ashıp kútip aladı.

Shay ishıp bolǵan soń, atam bizlerdiń kúndelik dápterlerimizdi kóredi hám jetiskenligimizden quwanadı. Bárekelle, ómirińiz uzaq bolsın, úlken alım bolıń dep, — pátiya beredi.



## Dóretiwshilik jumıs

1. Siz úyde qanday jumıslarǵa járdem beresiz?
2. Bul teksttiń "Keksesi bar úydiń — perishtesi bar" maqalı menen qalay baylanıslıǵı bar?
3. Atalar hám kempir apalarǵa qanday múnásibette bolıw kerek?

edurm_uz





*Qosıqtı yadlap alıń!*

## Kempir apam menen men

Kempir apam qartayǵan,
Bir jumıstı tapsırsa.
Orınlayman juwırǵansha,
Alǵıs alaman qansha.

Men de úyde, sózim shın,
Úlkenlerge járdemshi,
Suw quyaman gúlime,
Ot salaman eshkime.

Esik aldın sıpırsam,
Qosıq aytıp, oynasam,
Kempir apam aytar bolıp shad.
— Raxmet, qızım kámal tap!

*Hamidulla Yoqubov*

### Dóretiwshilik jumıs

1. Qosıqtaǵı "Men de úyde, sózim shın, úlkenlerge járdemshi" tekstin qalay túsindiriz?
2. Qosıq teksttindegi qartayǵan, juwırıp, járdemshi sózlerin qanday sózler menen almastırıw múmkin?



edurtm_uz



## Biziń shańaraq

Meniń atım Nádirbek. Hár kúni keshki awqattan soń shańaraǵımızdaǵılar kitap oqıw, súwret salıw, toqıma toqıw sıyaqlı jumısları menen shuǵıllanadı. Men atam menen shaxmat oynayman.

Shaxmat tasların terer ekenbiz, atam belgili alım-danıshpanlardıń kopshiligi shaxmattı jaqsı oynaǵan hám burın húkimdarlar sawashtan aldın shaxmat oynap, ondaǵı júrislerden sawashqa paydalanǵanlıqları haqqında aytıp berdi. Shaxmat Amir Temur, Alisher Nawayı, Zahriddin Muhammed Babur sıyaqlı ullı babalarımızdıń jaqsı kórgen oyını bolǵan.

Shaxmat jas tańlamaytuǵın, bir waqıttıń ózinde hám kewilli, hám mashaqatlı oyın. Bul oyındı oynawǵa aqıl hám oy, sabırlılıq kerek.







edurtm_uz





**Nadirbek Abdusattarov** 2011-jılı Hindstanda mektep oqıwshılarınıń arasında ótkerilgen shaxmat boyınsha Aziya chempionatında hám Filippinde jas óspirimler arasındaǵı kontinent birinshiliginde bronza, 2012-jılı segiz jasında Sloveniyanıń Maribor qalasında ótkerilgen jáhán chempionatında altın medal alǵan. 2014-jılı Nadirbek Abdusattarov on jasqa shekemgi shaxmatshılar jarısında eń joqarı basqıshına kóterildi. 2016-jılı Rossiyada bolıp ótken jáhán chempionatında eki altın medalǵa iye boldı.





## Dóretiwshilik jumıs

1. Sizler de shaxmat oynına qızıǵasız ba?
2. Shaxmat Nadirbekte qanday ózgesheliklerdi qáliplestirdi?



edurtm_uz



# 7 – 8-TEMA: MEKTEBIM – QÁDIRDANÍM

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Sanap kórdińiz be, bir kúnde mektebińizdiń esiginen neshe márte kirip-shıǵasız?
2. Erkin qolına qálem alıp, klass diywalına bir nárselerdi sıza basladı.... Siz Erkinniń isine qalay qaraysız? Erkinge ne deysiz?
3. Mektebińizdiń klass bólmeleri neshew ekenligin, olarda neshe oqıwshı oqıwı haqqında oylap kórgensiz be?






edurtm_uz



## Mektep múlki kimdiki?



Batır matematika sabaǵında berilgen mısallardı hámmeden burın orınlap “ayrıqsha” baha aldı, biraq, mısaldı tez islew ushın papkasınan qaǵaz alıwǵa erinip, partaǵa jazdı.

Bunı kórgen Alım tánepiste Batırǵa eskertti. Sol kúni sabaqtan soń mektebimizde salıqshılar menen ushırasıw bolıp ótti. Ushırasıwda ata-anamızdıń salıq ushın tóleytuǵın pulları mektep, baqsha, emlewxanalardıń qurılısı hám olardıń remontlanıwı ushın jumsalatuǵının bilip aldıq.



### Shańaraq dógereginde

1. Batır durıs isledi me? Sizler partaǵa sızǵansız ba?
2. Mektep múlki kimdiki?
3. Salıqlar nege jumsaladı eken?
4. Mektep múlkin ne ushın qorǵaw kerek?

## Dóretiwshilik jumıs



*Qosıqtı yadlań!*

### Oqıwshıǵa estelik

Muǵallimdi kórgende,
Dúziw bolsın sálemiń.
Kirse eger klasqa,
Tik tur teń ayaqqa.

Eger soraw berse,
Qáddińdi búkpe.
Juwap berseń qol kóter,
Shawqımlaspa, waqıt óter!

Sabaq baslansa klasta,
Sergek bol hárqashanda.
Ańqayma hám qıysayma,
Durıs otır, shalqayma..

*Quddus Muhammadiy*

## Bilesiz be?



Yaponiyanıń mekteplerinde sipsekesh joq eken. Oqıwshılardıń ózleri hámme jumıstı orınlaydı, hátteki hájetxananı da tazalaydı eken.

edurtm_uz



1. Shayırdıń usınısların mektebińiz qaģıydaları menen salıstırıp kóriń. Bir-birine uqsas tárepleri bar ma?

2. Yaponiya mekteplериniń oqıwshıları ne ushın mekteplerdi tazalawdan bas tartpaydı, dep oylaysız?

3. Yaponiya mektepleri oģada taza eken, qanday da bir zat shashılıp jatpaydı, partalarģa hesh kim sızbaydı eken. Bunıń sebebi nede dep oylaysız?

4. Tómendegi qaģıydalardıń mektebińiz qaģıydaları menen uqsas tárepi bar ma:

— sonday jasań, seniń basqa adamlarģa zıyanıń tiymesin, olar seniń menen maqtansın;

— adamlarģa qatnasta jıllı júzlilikti umıtpa, sebebi múnásibetler jıllı júzlilikten baslanadı;

— tek ózińniń tabıslarıńnan quwanba, dosларıń hám átiraptaģılardıń da jetiskenliklerinen quwanıwdı úyren;

— heshqashan birewdi jamanlama, ósek aytpa;

— saģan ótinish etpesten burın, doslarıńnan járdemińdi ayama;

— eger seniń talabıń kelispese, basqalardı ayıplawģa asıqpa. Qolaysızlıqlarģa shıdawdı da úyren. Sabırlı bol;

— doslıqtıń qádirine jet;

— saģan jaqsı múnásibette bolıwdı qáleseń, sen de adamlarģa jaqsı múnásibette bol.



# 9-TEMA: DOSLARÍMNÍŃ JETISKENLIKLERI



## Dóretiwshilik jumıs



Súwretlerde hár túrli tarawlarda jetiskenliklerge erisken balalar súwretlengen.

1. Sizlerdiń qanday jetiskenliklerińiz bar?
2. Bilimli bolıwıńızdan kim kóbirek payda kóredi?
3. Bekkem bilim iyelewińiz ushın ne islewińiz kerek?

Tómendegi kesteni dápterińizge sızıń hám toltırıń:

| Meniń jetis-kenlik-lerim | Bilim beriw taraw-ında | Sport taraw-ında | Muzıka bağ-darında | Til taraw-ında |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

edurtm_uz



**Bilmegenligin sorap úyrengen — alım,
uyalıp soramaǵan — ózine zalım.**

## Dóretiwshilik jumıs




2019-jılı Singapurda matematika pánınen bolıp ótken olimpiadada 20 mámleketten mıńnan artıq oqıwshılar qatnastı. Olimpiadada mámleketimiz oqıwshıları bir altın, bes gúmis hám altı bronza medalların qolǵa kirgizdi.

Rio-de-Janeyroda ótkerilgen XV Paralimpiada oyınlarında Ózbekstan sportshıları segiz altın, altı gúmis hám on jeti bronza medallarınıń iyesi boldı.





edurtm_uz



## 10-TEMA: KIM BOLSAM EKEN?

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Sizlerge qaysı kásipler unaydı?
2. Úlkeygende kim bolmaqshısız?
3. Sizler árman etken kásipti iyelew ushın qanday bilimler kerek boladı?
4. Berilgen filmdi kórip shıǵıń hám Islam ne ushın óz maqsetine jetise almaǵanlıǵın aytıp beriń.
5. Oǵan ne jetispedi?



edurtm_uz





## BILIM AL, ÓNER TAŃLA

Watanıń kúter seni,
Balam jaqsı bilip qoy!
Baxıt jolına baslawshı,
Kitabıńa mehir qoy...

Shıq bilim shoqqısına,
Anıqlap átirapqa qara!
Kel,–der dárya, tik tawlar,
Ǵáziynemdi al, hey bala.

Sadıq saǵan jolıńda,
Kúni-túni kóz tiger.
Quyash shıǵar, ay shıǵar,
"Nurımdı ish"– der olar.

Kel, hey bilimdan, márt,
Bizlerdi tezirek iyele! –
Dep turǵanday hámmesi,
Bilim al, óner tańla!

*Quddus Muhammadiy*



### Shańaraq dógereginde

1. Kitaptı ashıw ushın gilt neden isleniwi kerek?
2. Sizler ilimler kitabın qanday gilt benen ashajaqsız?





edurtm_uz



# 11—12-TEMA: INSAN ÓMIRINDE QAĞÍYDALARDÍŃ ORNÍ



## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. “Qağıyda”, “tártip” degende neni túsinesiz? Sizlerdiń ómirińizde qanday qağıydalar bar?
2. Futbol yaki basqa sport oyınların oynağanıńızda belgili bir qağıydalarğa ámel etiwińiz shárt pe?
3. Kósheden keliwińiz benen qolıńızdı sabınlap juwwıńız shárt pe, ne ushın?
4. Dúkannan qandayda bir zat satıp aldıńız, pul tólewge kassa aldına kelgenińizde náwbetke turğanlar kóp eken, siz asığıp turıpsız, qanday jol tutasız?

edurtm_uz



***



Abatqa aǵası top alıp berdi. Ol mektepten keliwi menen tobın alıp kóshege juwırar edi. Toptı balalar maydanshasında emes, úlken joldıń shetindegi piyadalar jolında oynay basladı. Top domalap úlken jolǵa shıǵıp ketti. Abat tobınıń izinen juwırdı. Tobı oń tárepten kiyatırǵan avtomobildiń dóńgelegi astına kirip ketti. Shofyor avtomobildi qattı tormoz basıp toqtattı. Izli-izinen kiyatırǵan avtomobiller de zorǵa toqtadı. Ele de, bir jolawshı Abattıń qolınan uslap qaldı.



**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Gúrrińge at qoyıń. Abat qanday qátege jol qoydı?
2. Abat qaysı qaǵıydalarǵa ámel etpedi?
3. Jolawshı Abattıń qolınan uslap qalmaǵanda qanday waqıya júz berer edi?
4. Abat óz qátesiniń aldın qalay alıwı múmkin edi?

edurim_uz





## Dóretiwshilik jumıs



*Qosıqtı yadlań!*

### Svetofor sózi

– Háy kóshemiz ústinde
Jaltıldaǵan gózzal fonarik!
Nege jalt-jult janasań,
Bizge qanday paydań bar?

Fonarik áste kúlimsirep,
Dedi: “Óziń sınap kór!
Bilseń meniń atımdı
Deydi svetofor.

Úsh shaqmaq kózim bar:
Qızıl, jasıl, sap-sarı.

Jasıl kózim jansa,
Demek, biliń jol ashıq.

Qızıl kózim jansa,
Jol jabılar taqa-taq.
Sarı kózim jansa,
Biraz kútiń hárqashan.

Kózlerime, aǵaynim,
Názer tasla barqulla.
Kóshelerden ótkende,
Gúbelektey asıqpa”.

*M. Qoshaqov*

## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:



1. “Kóshelerden ótkende, gúbelektey asıqpa” degende shayır neni názerde tutqan?
2. Kóz aldıńızǵa keltirip kóriń: úlken kóshede svetofor islemese, heshkim jol qaǵıydalarına boysınbasa, qanday hádiyseler júz beriwi múmkin?

edurtm_uz












## Shańaraq dógereginde

1. Svetoforlardıń súwretin dápterińizge salıń! Olardıń qızıl, sarı hám jasıl reńli jaqtırtqıshları neni ańlatadı?
2. Berilgen jol belgileriniń bólimlerin birlestiriń. Olardı qay jerlerde ushırattıńız?

edurtm_uz



# 13-TEMA: JÁMIYETLIK TRANSPORTÍNDA

## Avtobusta



Avtobus bándirgisinde turǵan Ayzada menen Roza kún ıssı bolǵanlıǵı ushın muzqaymaq satıp aldı hám avtobusqa mindi.

Roza avtobusqa minip, mektep sumkasın aqtara basladı, sol payıtta avtobus bir silkinip, onı qozǵaltıp jiberdi. Qolındaǵı muzqaymaǵı da túsip, avtobus salonın búldirdi. Ele de bir jolawshı hayal onı uslap qaldı. Mánzilge jetip kelgen Roza avtobustan túsip atırıp sumkasınan ayna aldı hám shashların tártipke keltire basladı. Sol waqıtta bir zattıń sınǵan dawısı esitildi... Bul Rozanıń aynası edi.

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**



1. Sizler ne dep oylaysız, Ayzada menen Roza qandayda bir qaǵıydanı buzdı ma?
2. Roza qanday qáwipsizlik qaǵıydaların buzdı?

edurim_uz








**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Súwretler tiykarında pikir bildiriń.

   1. Durıs: ____________________
   2. Durıs emes: __________________

2. Bul belgi neni bildiredi? Onı jolıńızda ushıratqansız ba?



edurtm_uz















3. Bul súwretlerde qaysı biri:

1. Durıs: ________________
2. Durıs emes: ________________

edurim_uz



# 14–15-TEMA: SAW DENEDE – SAP AQÍL

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. "Saw denede – sap aqıl" degende neni túsinesiz?
2. Salamat bolıw ushın qanday qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek?

* * *

Murat esik aldında onı kútip turǵan anasına sálem beriwdi de umıtıp, tuwrı asxanaǵa kirdi hám asıǵıp-úsigip awqatlana basladı. Balasınıń háreketlerin baqlap turǵan anası hayran bolıp: "Balam, búgin bir nárseni umıtpadıń ba?.."—dep soradı.

Murat oylanıp qaldı...



edurtm_uz



## Dóretiwshilik jumıs

1. Murat neni umıttı?
2. Gúrrińge tema tabıń.
3. Sizlerde de sonday jaǵdaylar júz berdi me yamasa guwası bolǵansız ba?






## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. Qısta, báhárde, jazda, gúzde durıs kiyiniwdiń insan salamatlıǵına tásiri bar ma?
2. Úlken jastaǵılar ne ushın "Qısta ayaqlarıńızdı jıllı saqlań" dep aytatuǵının bilesiz be?

edurtm_uz



# TIS CHYOTKA, POROSHOK HÁM ÁTIR SABÍN ERTEGI

*(úzindi)*

*Po'lat Mo'min*

Oqıp kóriń, doslarım,
Jazdım sizge bir ertek.
Jaqsı sezip aladı
Bolıp tursa kim sergek.
Ápsana dep oylamań
Jazǵanımdı taǵı siz.
Dospan degen balanı
Siz de jaqsı tanıysız.
Awa, men onıń islerin
Sizge táriyip etemen.
Bilgenimniń kóbisin
Birim-birim jazaman.



Dospanǵa ne bolıptı,
Jalqawlanıp qalıptı.
Keyin biraz sabaqlardan
“2”,“3” de alıptı.
Mektebine keshigip,
Baradı eken bazı da.
Tapsırmanı orınlamay
Qızarar eken sabaqta.

edurin_uz



Tańda dene tárbiya
Islew júdá hám payda.
Biraq barlıq isinde
Joq da tártip-qağıyda.
Azadalıq adamnıń
Táni-janına málhám.
Monsha degen jerge-de
Barmadı úsh ayda da.






Ústindegi kiyimin.
Júrmeydi tazalap, taqlap,
Hátte, ádet boyınsha,
Juwınbaydı jaqsılap.
Qarań, bir kúni Dospannıń
Tısi awırıp qaldı da!
Kúni menen “way-way”lap,
Baralmadı sabaqqa ol...

## Shańaraq dógeregində

Qosıqtı shańarağıńız benen oqıp shığıń. Dospan degen bala qaysı qağıydalarğa ámel etpegen? Dápterińizge tómendegi kesteni sızıń hám onı qosıq tiykarında toltırıń.

| Mektep qağıydaları | Salamatlıq qağıydaları | Kiyiniw qağıydaları |
|---|---|---|
| | | |

edurtm_uz



## 16–17-TEMA: QÁWIPSIZLIGIŃ ÓZ QOLÍŃDA

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Qáwipsizlik, qıraǵılıq, sergek bolıw degende neni túsinesiz?
2. Adam óziniń qáwipsizligin qalay támiyinlewi kerek?
3. Adamlar neden sergek bolıwları kerek?
4. Qáwipsiz aymaq degende neni túsinesiz?

### Qáwipsiz kóshe

Alım 5-klass, úkesi Murat bolsa 2-klasqa baradı. Olardı mektepke shıǵarıp salıp atırǵan anası: "Úkeńe qaysı joldan barıp-keliw qáwipsiz ekenligin túsindir. Arǵı kóshede qurılıs ketip atır, ol jerden júrmeńler, jaqsısı, aylanıp ótiń. Úlken joldan ótkende jer astı jolınan ótip barıń", — dep eskertti.

Alım endi úlken bala bolıp qalǵanlıǵı ushın úkesiniń qolınan bekkem uslap, mektepke qarap ketti. Úkesi "Ájaǵa, júriń, jaqın joldan baramız, qurılıstıń arasınan ótemiz. Anam kórip atır ma? Olarǵa kósheni aylanıp óttik, deymiz", — dep qıńırlıq ete basladı.



edurtm_uz



Alım bolsa: "Yaq onday ete almaymız. Anam aytqan jerden baramız, ol kórmese, biz ózimiz kórip turıpbız? Anamdı aldawǵa bolmaydı. Aldaw bizlerge jaraspaydı!" — dep úkesine baqırdı.

Aǵa-iniler mektepke baratuǵın jol uzaǵıraq bolsa da, qáwipsiz kósheden júrdi.



edurim_uz



## Shańaraq dógereginde

1. Gúrrińdi dıqqat penen oqıń, Alım hám Murattıń anası ne ushın olardı qurılıs júrip atırǵan kósheden aylanıp ótiń, dep eskertti?
2. Sizler qanday da bir mánzilge barıwıńız ushın qanday joldı tańlaysız?
   Qáwipsiz joldı tańlaw degende neni túsinesiz?
3. Úyińizden mektepke shekem bolǵan qáwipsiz jol rejesin sızıń. Rejede mektep, stadionǵa qáwipsiz ótiw jolın kórsetiń.
4. Alım ne ushın úkesine baqırdı?
5. Alım "Anam kórmese, bizler ózimiz kórip turıpbız?" degende neni názerde tutqan?
6. Sizler de ata-anańızdan jasırıp qanday da bir is etpekshi bolǵanıńızda, qıyalıńızǵa ne keledi?



edurtm_uz



## Abaylı bolıń!




- Qurılıs jumısları bolıp atırǵan maydanda oynamań!



- Elektr úskenelerinen (utyuk, televizor, kompyuter, mikrotolqınlı pech) paydalanǵanda abaylı bolıń!



- Janıwshı buyımlar (kúkirt, gaz, sham, zajigalka) dan úlkenler baqlawı astında paydalanıń!



- Jollarda ushırasatuǵın hár túrli truba hám shuqırlardı aylanıp ótiń!



- Adam az, awlaq jerlerden, keshte az jaqtılandırılǵan kóshelerden júrmeń!



- Telefonda tanıs emes adamlarǵa (úy mánzilińiz, ata-anańız hám basqalar haqqında) maǵlıwmat bermeń!



- Ótkir júzli buyımlardı uslamań!



- Oyın maydanshalarında qáwipsizlik qaǵıydalarına ámel etiń!

@edurtm_uz



## Dóretiwshilik jumıs

1. Súwretlerge at qoyıń. Ne ushın bunday at tańlaǵanıńızdı túsindiriń.
2. Jáne nelerden abaylı bolıw kerek?









# 18-TEMA: JAQSÍ HÁM JAMAN ÁDETLER



## Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. Sizler qanday multfilmlerdi kórgensiz?
2. Kórgen multfilmlerińizdi úlken jastaǵılar menen talqılaysız ba?
3. Tómendegi súwrette súwretlengen mult-film qaharmanların tanıysız ba?
4. Olar qaysı multfilmlerde qatnasqan?
5. Multfilmdegi waqıyalar qalay juwmaqlanadı?









edurtm_uz







***

Matematika sabaǵında muǵallim Azamattan úyge tapsırmasın soradı. Azamat: “Anam menen aǵam qonaqqa ketken edi, men úkelerime qarap sabaq tayarlay almadım”, — dedi.

Muǵallim basın shayqap qoydı da, artıqsha soraw bermedi. Basqa úyge tapsırmasın orınlamaǵan oqıwshılar “eki” bahasın aldı. Tánepis waqtında Azamat “eki” bahasın alǵan klaslaslarına: “Kórdińlerme, aldaw mine sonday boladı, muǵallimdi bapladım, aqmaq ettim”, — dep maqtandı.

Ziyba isimli qız: “Azamat, sen jaqsı is etpediń. Uyalmaysań ba ustazǵa ótirik aytıwǵa?” — dep baqırdı. Azamat Ziybanı masqaralap: “Qumırıxan”, siz maǵan aqıl úyretpeń”, — dep ústinen kúldi hám barıp onıń shashın tarttı. Ziyba qapa boldı...



edurtm_uz



## Shańaraq dógereginde



1. Gúrrińge at qoyıń.
2. Azamattıń minezindegi sizge unamaǵan ádetlerin sanań.
3. Gúrrińde qanday jaqsı hám jaman ádetler bar?
4. Gúrrińniń dawamı qanday bolıwı múmkin?

## Dóretiwshilik jumıs



### Jaman ádetlerden qalay qutılıw kerek?

Eki óz aldına bet alıp, birewine ózińizdiń jaqsı ádetlerińizdi jazıń. Ekinshisine jaman ádetlerińizdi jazıń.

Ekinshi betti heshkimge kórsetpey mayda-mayda bólekshelerge bóliń.

Sonday etip maydalań, ondaǵı jazıwdı oqıy almasın. Soń onı háwlige alıp shıǵıp kómip qoyıń.

Birinshi betti bolsa tárbiya dápterińizge jelimleń.

Hárqashan sizler jaman dep esaplaǵan ádetlerdi etpekshi bolsańız, ózińizge ózińiz "Men jaman ádetlerimdi kómip qoyıppan, qáytip bul isti islemeymen", dep aytıń. Sonda barlıq jaman ádetlerden qutılasız.

edurtm_uz



# 19-TEMA: ÓTIRIKTIŃ ÓMIRI QÍSQA

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Kimler ótirik sóyleydi?
2. Ne ushın "Ótiriktiń ómiri qısqa" delinedi?
3. Qashan ótirik sóylew múmkin?
4. Ótirik sóylegenińiz ushın uyalıp qalǵansız ba?

***

Jaz ayında Qabıl hám onıń dosları shomılıw ushın kólge tústi hám ózleri menen alıp kelgen toptı suwda oynay basladı. Olar toptı suwǵa ılaqtırıp hám izinen júzip jarıs oynaytuǵın edi.

Tosattan Qabıl: "Qutqarıń, shógip baratırman!" — dep baqıra basladı. Qutqarıwshılar jetip kelgeninde ol: "Men sizlerdi sınaǵan edim", — dedi.



edurtm_uz



Erteńine balalar jáne suwda top oynadı. Bul saparı top birqansha uzaǵıraqqa ılaqtırıldı. Qabıl toptıń izinen tez, shaqqan júzip ketti. Qaytıp kiyatırǵanında ol ózin ańlay almay qaldı hám jan halatta: "Qutqarıńlar, shógip baratırman!" — dep baqıra basladı. Qutqarıwshılar búgin de bizdi sınap atır, dep oylap, onıń sózine itibar bermedi. Ayaq-qolı talıqqan Qabıl suwǵa shógе basladı.

Sol jaqın aralıqta bolǵan adamlar onı bir ámellep qutqarıp alıptı. Onı ózine keltiriw ushın birqansha waqıt ketti. Emlewxanada da emleniwge tuwra keldi. Sebebi ol júdá kóp suw jutqan edi...

## Shańaraq dógereginde



1. Gúrrińdi oqıp, oǵan at qoyıń.
2. Ótirik sóylew qanday aqıbetlerge alıp keledi?
3. Isenim qalay joǵaladı?
4. Ashıq júziw basseynlerinde shomılıp atırǵanda qanday qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek?
5. Eger adamlar Qabıldı qutqarmaǵanda qanday hádiyse júz beriwi múmkin edi?
6. Qabıl menen júz bergen waqıyanıń aldın alıw múmkinbe?



# 20-TEMA: BIREWDIŃ HAQÍ

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. "Birewdiń haqı" degen gápti esitkensiz be?
2. Bul gáp qanday jaǵdaylarda aytıladı?
3. Dostıńızdıń ruchkasın, qálemin, óshirgishin alıp, qaytarıp beriw esińizden shıqqan ba?
4. Ne ushın úlken jastaǵılar: "Birewdiń haqınan qorqıw kerek", — deydi?

* * *

Baxtiyar menen Polat klaslası Islamnıń úyine qonaqqa bardı. Islam avtomobillerge júdá qızıqqanı ushın olardıń hár túrli oyınshıq modellerin toplaǵan edi. Úsh dos birgelikte oynadı.

Erteńine Baxtiyar mektepke oyınshıq "Neksiya"sın alıp kelip doslarına kórsetti. Islam ǵázep penen: "Keshe sizler ketkennen keyin



edurtm_uz



“Neksiya”mdı taba almadım, demek, sen alǵan ekenseń-dá?” — dep onı doslarınıń aldında uyalttı. Baxtiyar: onı “Joq, bunı keshe maǵan anam alıp berdi,” — degenine qaramay, “Ótirikshiseń!” dep turıp aldı.



## Dóretiwshilik jumıs



Balalar, sizler ne dep oylaysız, oyınshıqtı kim alǵan bolıwı múmkin?

* * *

Bul mashqala muǵallimniń qulaǵına da barıp jetti. Muǵallim balalardıń ata-anasın shaqırıwǵa májbúr boldı.

Baxtiyardıń anası muǵallimniń sorawına juwap berip, keshe Baxtiyardıń ótinishi menen oyınshıq “Neksiya”nı satıp alıp bergenligin hám dúkannıń shegin kórsetti.

edurim_uz



## Dóretiwshilik jumıs

Eger oyınshıqtı Baxtiyar almaǵan bolsa, kim alǵan bolıwı múmkin?

* * *

Polattıń anası bolsa olardıń úyinde basqa oyınshıq kórmegenligin ayttı.

Gáp ne haqqında ekenin endi ańlaǵan Islamnıń anası hámmeden keshirim sorap, balasınıń oyınshıǵı úyde ekenligin ayttı.

Sol kúni keshqurın Islamlardıń esigi qaǵıldı. Esiktiń qasında klaslası Polat hám onıń anası turǵan edi. Polattıń qolında bolsa, oyınshıq "Neksiya"sı bar edi...



## Dóretiwshilik jumıs

1. Gúrrińniń hárbir bólimine tema qoyıń.
2. Birewdiń zatın soramastan alıw múmkin be?
3. Islamnıń anası ne ushın hámmeden keshirim sorap, balasınıń avtomobili úyde ekenligin ayttı?
4. Gúrrińnen birewdiń haqına zıyan tiygizilgen jerlerin tabıń.
5. Jaqsı hám jaman ádetlerdi anıqlań.

edurtm_uz






## Shańaraq dógereginde



Sabaq waqtında Aziz isimli bir bala sabaqqa kesent etip otıratuǵın edi.

Muǵallim birneshe mártebe eskertse de, Aziz óz bilgenin isler edi.

Muǵallim oǵan: "Essiz, seni tártipke shaqırıw ushın ketken waqıtta doslarıńa birqansha maǵlıwmat beriwim múmkin edi. Sen olardıń waqtın urladıń, átteń", — dep eskertiw berdi

1. Aziz doslarınıń haqına qıyanet etti me?
2. Birewdiń waqtı birewdiń haqı ma?

edurtm_uz



## 21-TEMA: TÁRTIP HÁM INTIZAM TABISQA QARAY BIR QÁDEM

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Intizamlı bolıw ushın ne islew kerek?
2. "Óz waqtında" degende neni túsinesiz?
3. Qandayda bir jerge shaqırılǵanıńızda keshikkensiz be?
4. Teatrǵa keshigip barǵan tamashagóydi spektakl yaki samolyotqa keshikken jolawshını samolyot kútip turadı ma?
5. Sabaqqa kesh qalsańız, nelerdi joǵaltasız?
6. Kompyuter oyınların oynap, sabaq tayarlawǵa waqtıńız jetpey qalǵan ba? Buníń aqıbeti ne menen tamamlanǵan?
7. "Erte turǵan adamnıń kúni bereketli boladı",— deydi. Sizler bul gápke qalay ámel etesiz?

* * *



Batır degen bala kompyuter oyınlarına sol dárejede berilip ketti, waqıt álle máhál bolıp qalǵanın da bilmey qaldı. Ash bolǵanlıǵı ushın asxanaǵa bardı. Muzlatqıshtan onı-bunı alıp jegendey boldı. Anası uyqılamaǵan eken. "Há, balam sabaqlarıń kópbedi, usı waqıtqa shekem uyqılamapsań?" — dep soradı.

edurtm_uz






Batır bolsa: “Yaq, kompyuter oynadım, endi uyqım keldi. Sabaǵımdı erteń tayarlayman,” — dedi. Anası basın shayqap: “Waqtıń ketti — baxtıń ketti, bunı bir oylap kór”, — dedi.

***

Batır kesh jatqanı ushın, erte anasınıń dawısınan oyandı hám bet-qolın juwdı da, shay ishpey mektepke juwırıp ketti..

***

Sol kúni pútkil sabaq dawamında Batırdıń bası awrdı, doskadaǵı berilgen maǵlıwmatlardı da qáte kóshirdi. Tap birew doskanıń aldına kórinbeytuǵın gezleme tutıp qoyǵanday, doska

edurtm_uz





gúńgirt bolıp qalǵan edi. Úyge berilgen tapsırmaların orınlamaǵanı ushın eki bahasın da aldı.

***

Keyin belgili boldı, Batırda kem qanlıq keseli payda bolǵan. Bunıń nátiyjesinde onıń kózleri de gúńgirtlesip qalıptı. Batır kóp emlendi. Bir múddet kózáynek de taǵıp júrdi.



## Shańaraq dógereginde

1. Batırdıń anası basın shayqap "Waqtıń ketti — baxtıń ketti" degende neni názerde tuttı?
2. Sizler ne dep oylaysız, "Tap birew doskanıń aldına kórinbeytuǵın gezleme tutıp qoyǵanday, doska gúńgirt bolıp qalǵan edi" delingeninde ne názerde tutılǵan edi?
3. Batırdıń densawlıǵınıń buzılıwına tásir etken faktorlardı túsindiriń.



## 22-TEMA: BIRLESKEN OZAR



**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Futbol oyınında tek bir oyınshınıń ózi top tewse, nátiyje qanday boladı?
2. Doslıq ne ushın kerek?
3. Sizler klaslaslarıńız benen tatıwsız ba?
4. "Tatıwlıqta danalıq kóp" degende neni túsinesiz?
5. "Shalǵam" erteginde doslıq hám tatıwlıq qalay kórsetiledi?

***

Áyyemgi zamanda bir patsha bolǵan eken. Ol wázirlerin keńeske shaqırıp, mámleketiniń aymaǵın keńeyttirmekshi ekenligin aytıptı. Wázirler patshaǵa dáslep jaqın átirapındaǵı

edurtm_uz



mámleketinen kúshsiz bolsa, usı mámleketke júris etiwin másláhát beripti.

Patsha jansızların qońsı mámleketlerge jiberipti. Birinshi kelgen jansız patshaǵa: "Men barǵan mámleket áskeriy jaqtan kúshsiz eken. Bazarları tártipli, urıları joq eken. Barlıq isti bir-biri menen másláhátlesip isler eken. Nawqaslardan xabar alıp, júdá bir-biri menen tatıw eken", — depti.



@edurkm_uz



Ekinshi mámleket haqqında maǵlıwmat alıp kelgen jansız ol jer haqqında júdá tolqınlanıp aytıptı. “Mámleket bay eken, adamları bir-birine itibarsız eken. Hámmesi ózi menen ózi áwere, áskeriy qúdireti bolsa júdá kúshli eken”.

Sonda patsha barlıq wázirlerin másláhátke shaqırıptı.

Patsha wázirleriniń másláhátin tıńlaptı hám ekinshi mámleketke júris etip, onı shıǵınlarsız basıp alıptı.

## Dóretiwshilik jumıs

1. Sizler ne dep oylaysız, patsha ne ushın ekinshi mámleketke júris etti?
2. Wázirler qanday másláhát bergen bolıwı múmkin?
3. Sizler qanday másláhát bergen bolar edińiz?

## Shańaraq dógereginde

1. Ertekke tema qoyıń.
2. Ertekti “Doslıq—baylıq, tatıwlıq—danalıq” maqalı menen baylanıstırıp túsindiriń.
3. Ne ushın patsha birinshi mámleketke hújim etpedi?
4. Ekinshi mámlekettiń áskeriy qúdireti kúshli bola turıp, qalay shıǵınlarsız jeńiske erisildi?

## 23-TEMA: HÚRMETKE ERISIW

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Sizler qanday adamlardı húrmet etesiz?
2. Doslarıńızdıń ishinde húrmetke erisiwińizdi qáleysiz be?
3. Húrmetke erisiw ushın ne islew kerek?
4. Qatnas etiw, esitiw, tıńlaw, pikir bildiriwde qanday qağıydalarğa ámel etiw kerek?
5. Qanday waqıtlarda kúlimsirewge boladı?



* * *

Aziza mektepten qapa bolıp keldi. Onıń bul jağdayın sezgen kempir apası, ne bolğanın soradı.

Aziza klaslaslarınan onı húrmet etpegenligi

edurtm_uz



Kempir apası: “Doslarıńnıń húrmetine erisiw ushın óziń ne islediń?” — dep soradı.

Kempir apasınıń sorawına juwap retinde, Aziza: “Haw apa, men qızlarǵa hár kúni mazalı zatlar alıp baraman, dápterimnen úyge tapsırmalardı doslarıma kóshirttiremen”, — dedi.

Azizanıń gápin dıqqat penen tıńlaǵan kempir apası oǵan bılay dedi:

— Húrmetke bunday erisilmeydi. Sen doslarıńa bárhama jaqsılıq et. Olar menenen jaqsı qatnasta bol. Bárhama kúlimsirep sóyle!



## Shańaraq dógereginde

1. Aziza doslarınıń húrmetine erisiw ushın ne islewi kerek?
2. Mazalı zatlar menen, úyge tapsırmaların kóshirttiriw menen húrmet arttırsa bola ma?

edurtm_uz



# 24-TEMA: INSANÍYLÍQ

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Qıs kelgende quslar dán taba almay qıynaladı, olarǵa dán salıp qoyǵansız ba?
2. Suwsız qalǵan ósimliklerge suw quyǵansız ba?
3. Sizlerdiń bul háreketińizdi insanıylıq dewge bolama?
4. Insanıylıq, elat, millet, máresim degen túsinikler haqqında esitkensiz be?

***

1941-jılı fashistler pútkil dúnyanı basıp alıwǵa háreket etti. Olar basıp alǵan aymaqlardan úy-siz, jaysız, ata-anasınan ayırılǵan rus, ukrain, belorus, moldavan, eston hám basqa millet balaları, úlken jastaǵılar Ózbekstanǵa alıp kelindi.

Ózbek xalqı olarǵa adamgershilik kórsetip, ózleriniń úyinen orın berdi. Azıq-awqat hám kiyim-



edurtm_uz



1966-jıldıń 26-aprel kúni erte tańda Tashkent qalasında qattı jer silkindi. Qaladağı kóplegen úyler buzıldı, adamlar úysiz qaldı.





Bul awır kúnlerde ózbek xalqına rus, ukrain, belorus, moldavan, eston hám basqa millet wákilleri járdemge keldi. Tashkent qalası qayta tiklendi, zamanagóy imaratlar qurılıp, qala jáne de sulıwlandı.



## 25-TEMA: ÚYIMIZGE QONAQ KELDI

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Qonaq kelgende ózińizdi qalay tutasız?
2. Qonaqlardı qalay kútesiz?



***

Ájiniyazdıń úyine ustazı qonaqqa kelipti. Ájiniyaz hám onıń shańaraq aǵzaları jasaytuǵın úydiń háwlisi kishkene bolsa da, ıqsham hám payızlı edi. Jaydıń tóbesine iyilip ósken úlken shiyeniń shaqalarındaǵı shiyeler qonaqtıń itibarın tarttı.

Ájiniyazdıń ákesi qonaqtı úyge basladı da, balasına ustazı ushın dárhal tóbege shıǵıp, shiye teriwin buyırdı. Bul waqıtta ustazı Ájiniyaz haqqında

jazba húrmet jarlıǵın tapsırdı. Aradan waqıt ótsede, Ájiniyaz shiye teriw ushın tóbege shıqpadı.

## Dóretiwshilik jumıs

1. Ájiniyaz ne ushın tóbege shıqpadı?
2. Sizler ne is islegen bolar edińiz?

***

Ustazı Ájiniyazdıń bunday tıńlamaǵanlıǵına hayran bolıp, onıń ákesine soraw názeri menen qaradı.

Bunı sezgen Ájiniyazdıń ákesi qonaqqa: "Júriń, miyman, sırtqa shıǵayıq", — dedi.

Qonaq penen ákesi háwlige shıqtı. Sol waqıtta Ájiniyaz dárhal záńgini qoyıp, tóbege shıqtı da, tez shiye terip tústi.

***

Shiye jep bolǵannan keyin Ájiniyazdıń ustazı ketiwge tayarlandı. Sonda ustazı Ájiniyazdan: "Ne ushın ákeńniń aytqanın islemediń?" — dep soradı.

Ájiniyaz bolsa: "Úydiń ishinde siz hám ákem bolǵanıńız ushın tóbege shıǵa almadım. Sizler otırǵan úydiń tóbesine shıǵıwdı ep dep bilmedim", – dep juwap berdi.

## Dóretiwshilik jumıs

1. Ájiniyazdı qanday bala dep oylaysız?
2. Ájiniyazdıń is-háreketin qalay bahalaysız?

## 26-TEMA: “QONAQ-QONAQ”

### Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:

1. “Qonaq-qonaq” oyını qalay oynaladı?
2. Qızlar qonaqta ózlerin qalay uslawları kerek?
3. Er balalar, sizler ákeńiz, ájaǵańız yaki basqa jası úlkenler menen toyǵa barsańız, ózińizdi qalay uslap-tutasız, qanday qaǵıydalarǵa ámel etesiz?
4. Qonaqqa aytılatuǵın sózlerdi bilesiz be?

### Dóretiwshilik jumıs

*Qonaq:* Assalawma áleykum.
*Úy iyesi:* Waleykum assalam. Keliń miyman, xosh kelipsiz. Ishke kiriń.
*Qonaq:* Raxmet.
*Úy iyesi:* Tórge shıǵıń. Jaqsı keldińiz be?
*Qonaq:* Raxmet. Ózińiz jaqsımısız?

***Qatnasıqtı dawam ettiriń!***



edurim_uz





* * *

Ánjim, Nadira hám Ayparshın Gúlayshanıń tuwılǵan kúni menen qutlıqlawǵa qonaqqa bardı. Qızlar dáslep dasturqan átirapında otırıp Gúlayshanı tuwılǵan kúni menen qutlıqladı hám anası tayarlaǵan mazalı zatlardı tatıp kórdi. Sol waqıtta Nadira jataqxanadaǵı farfor quwırshaqtı alıp shıqtı. Gúlaysha asıǵıp dostısınıń qolındaǵı farfor quwırshaqtı aldı da: "Buǵan tiyiw múmkin emes, bunı anama ákem sawǵa etken,"— dedi. Gúlaysha quwırshaqtı ornına aparıp qoydı hám «bul jerge kiriw múmkin emes», degendey, jataq jayınıń esigin jawdı.

## Shańaraq dógereginde



1. Gúlaysha hám Nadiranıń háreketlerine baha beriń!
2. Gúlaysha nege farfor quwırshaqtı dostısınan qızǵanıp alıp qoydı?
3. Sizler bunday jaǵdayda Gúlayshanıń ornında ne islegen bolar edińiz?

# 27-TEMA: DOSLİQ — JOQARİ PAZİYLET

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Dostıńız kóp be?
2. Sizler onıń menen ne sebepten dos bolǵansız?
3. Dos tańlawda nege itibar beriw kerek?
4. Doslarǵa qanday qatnasta bolıw kerek?

***

Bir kúni Quwat matematikadan úyge tapsırmasın orınlay almadı hám tánepiste klaslaslarına: “Kim maǵan úyge tapsırmasın kóshirtse, reńli rushkamdı beremen,” — dedi.

Dáwran: “Kel, saǵan túsindirip beremen, óziń isleyseń,” — degen edi Quwat qapa boldı.

Batır bolsa: “Shın dos da sonday bolama? Mine, al, Quwat, mennen kóshirip alaǵoy”,— dep dápterin berdi.



edurtm_uz



## Dóretiwshilik jumıs

1. Sizler ne islegen bolar edińiz?
2. Shın dos qanday boladı?

## Ońqolıń menen bergenińdi shep qolıń bilmesin



***

Bul waqıya qaysı bir mámlekette júz bergen edi. Qullası, usı mámlekettegi mektepte balalar úylerinen alıp kelgen túsliklerin klasta jeytuǵın edi.

edurtm_uz



Muǵallim tánepis daǵazalap, balalarǵa túslik etiwge ruqsat berdi. Temurdan basqa barlıq oqıwshılar awqatlana basladı. Temur bos awqat ıdısın ashıp qaytadan japtı da, ustazınan sırtqa shıǵıp keliwge ruqsat soradı.

Sırtqa shıqqannan keyin, qarnın toyǵızıw ushın suw ishti. Ash qarınǵa ishilgen suw, qarnında sonday sırnay shertti, bunı onıń qaptalında turǵan adam da esitetuǵın edi.

Temur klasqa qaytıp kelip, ornına barıp otırdı. Awqat ıdısın partasınan alıp sumkasına salıp qoymaqshı edi, onıń ishinde bir nárse barlıǵın sezip qaldı. Ashıp qarasa, nan, pisirilgen gósh, sır hám hár túrli palız ónimlerinen tayarlanǵan azǵana salat bar edi. Ol átirapına qaradı, barlıq klaslasları ózi menen ózi áwere edi...



## Shańaraq dógereginde

1. Sizler ne dep oylaysız, Temurdiń awqat ıdısın kim toltırıp qoyǵan bolıwı múmkin?
2. Sizler dostıńızǵa jasırın túrde jaqsılıq etkensiz be?
3. Dostısın qolaysızlıqqa salmaw degende neni túsinesiz?
4. Gúrrińlerge say bolǵan danalıq sózlerdi tabıń.
5. “Oń qolıń menen bergenińdi shep qolıń bilmesin” degende neni túsindińiz?

@edurtm_uz



# 28-TEMA: SAWǴA BERIW HÁM SAWǴA ALÍW TÁRTIBI

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. Sizler kimge bolsa da sawǵa tańlaǵansız ba?
2. Ne ushın sawǵa beriledi?
3. Sizge sawǵa bergen insanǵa qanday minnetdarshılıq bildirgensiz?

## Sawǵa

Azat dostısınıń tuwılǵan kúnine sawǵa almaqshı boldı. Bul máselede kempir apası menen másláhátlesti. Olar dúkanlardı aylanıp, bir dúkan aldında toqtadı. Onda hár túrli temalar hám tarawlarǵa baylanıslı kitaplar bar eken.

Azattıń kempir apası «Men bilgen hám bilmegen dúnya», «Ol kim, bul ne?», «Álem hám adam haqqında bir dúnya maǵlıwmat» degen kitaplardı qolına alıp, olar ne haqqında ekenligin aytıp berdi.



edurtm_uz





## Dóretiwshilik jumıs

1. Balalar, Azatqa sawǵa tańlawǵa járdem beriń.
2. Sizler sawǵaǵa neni tańlaǵan bolar edińiz, ne ushın?
3. Sizler ushın eń úlken sawǵa ne?



## Bilesiz be?

- Sawǵa – ayırımlar onı sıylıq dep aytadı.
- Sawǵa shın kewilden beriledi.
- Berilgen sawǵa heshqashan qaytarıp alınbaydı.
- Shın kewilden berilgen sawǵanıń úlken-kishiligi bolmaydı.
- Sawǵa berip zat dáme etip bolmaydı.
- Ata-anańız ushın eń úlken sawǵa sizlerdiń ádebińiz hám minez-qulqıńız.
- Anańız ushın eń jaqsı sawǵa bul óz qolıńız benen salǵan gúlińiz úlken sawǵańız boladı.



edurin_uz



## Bilesiz be?



Dúnyanıń sırları kitaplarda jámlengen. Olar insandı tárbiyalap, qádirin kóteredi. Sonıń ushın da kóp kitap oqıǵan adamlardıń dúnyaǵa kóz qarası keń, sózi anıq boladı. Olardıń sózin hámme húrmet penen tıńlaydı.





## Bilim hám ádep — baxıt gilti



## Shańaraq dógereginde

1. Ne dep oylaysız, sizlerdiń ádebińiz hám minezińiz qalay ata-anańızǵa sawǵa bolıwı múmkin?
2. Ne ushın sawǵa berip qanday da bir zat dáme etiwge bolmaydı?
3. Doslarıńızǵa qaysı kitaplardı sawǵa etken bolar edińiz, ne ushın?

edurtm_uz



# 29-TEMA: ZÍYARAT ÁDEBI

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

1. "Zıyarat etiw" degende neni túsinesiz?
2. "Ata-ananı, ustazıńdı zıyarat etiw kerek" degen sózdi esitkensiz be?
3. Batır hám márt insan sózleri kimlerge baylanıslı hám qaysı jaǵdaylarda qollanıladı?

***

Ekshembi kúni atam menen qábirstanǵa bardıq. Qábirstanǵa kirgenimizde, atam maǵan zıyarat etiw ádebi haqqında aytıp berdi. Ótkenlerdi tek jaqsılıq penen eslew kerekligin túsindirdi. Mine, shańaraǵımızdıń qoyımshılıǵına jetip keldik. Bul jerde atamnıń ata-anaları hám basqa tuwısqanları qoyılǵan eken. Atam tilawat etti, keyin duwa oqıdı. Keyin qábirlerdi tazalap, gúller ektik.

**Ótkenlerdi jaqsılıq penen eslew, insanıylıq pazıylet.**



edurtm_uz



## Dóretiwshilik jumıs

1. Qábirstandı zıyarat etiwde qanday tártip hám qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek?
2. "Jaqsılıq penen eslew" degende neni túsindińiz?

***

Sol kúni shańaraǵımız benen Eslew maydanına da bardıq. Men atamnıń qolların qattı qısıp, olardıń janında maqtanısh penen barar edim. Názerimde, hámme bizlerge háwes penen qarap atırǵanday edi. Sol jerdegi jurnalistler atamdı sáwbetke tarttı, atamnan urıs haqqındaǵı eske túsiriwlerin soradı. Atam: «Bizler urıstıń ne ekenligin kórdik. Sizler bunı kórmeńler, tınıshlıqtıń qádirine jetińler!» — dedi.



edurtm_uz





## Dóretiwshilik jumıs

1. Eslew maydanı haqqında jáne nelerdi bilesiz?
2. Ne ushın Eslew maydanı delinedi?
3. Tınıshlıqtıń qádirine qalay jetiwge boladı?
4. Gúrrińlerge at qoyıń.



### Sáwbet

Erkinjan gijinip der,
Qas-kózin shımırıp der.
— Bir gápim bar, aǵajan,
Urıs shıqqan qaydan, qashan?
Onı baslap shıǵarǵan kim?
Ol qanday adam eken?
Ne ushın urısar eken,
Neni talasar eken?
Adamdı qapa etiw,
Degen edińiz jaman is?
— Bárekella, dana balam,
Sóziń maqul, aǵla balam.
Urıs óliwi kerek,
Onı jerge kómiw kerek.
Urıs bul — haywan isi.
Gezendeler sum turmısı.
Bileseń-ǵo, sum bórini,
Ashkóz, jawız urını,
Onnan da better jaman,
Adamnıń bórisi jawız.



edurtm_uz





Fashist deymiz onıń atın.
Adamlardıń isher qanın.
Erkin deydi: Qanjar tırnaq,
Murnı biz, awzı taypaq,
Fashist sol da aǵajan?
— Taptıń, balam, tap ózi,
Qantalasqan ala kózi.
Solardan shıqqan urıs,
Sol qanxor, buzaqı.
Dúnyada tawsılmaǵan,
Jer bárin jutpaǵan,
Kerek bárha tayar turıw,
Tınıshlıqtı fashistden qorǵaw!

*Quddus Muhammadiy*



## Shańaraq dógereginde

1. Qosıqtı rollerge bólip, tásirli oqıń.
2. Qosıqtaǵı "Adamdı qapa etiw, Degen edińiz jaman is?" qatarınıń "Sizlerdiń jaqsılarıńız birewge tili menen de, qolı menen de azar bermeytuǵınıńız" degen danalıq penen baylanıslı jeri bar ma?
3. Tili menen azar bermew degende neni túsindińiz?



edurtm_uz



## 30-TEMA: JAZǴÍ DEMALÍS — BIR JÍLǴA TATÍR

**Oqıwshılardı jedellestiriw ushın soraw hám tapsırmalar:**

Suw basseynlerinen paydalanıw qaǵıydaların bilesiz be?

**Bunı este saqlań!**



Suw basseynleri janına úlken jastaǵı adamlarsız jaqınlasıwǵa bolmaydı.

Tanıs emes hám qadaǵan etilgen orınlarda shomılıwǵa bolmaydı.





Awqatlanǵannan hám quyashta uzaq waqıt taplanǵannan keyin suwda shomılıwǵa bolmaydı.

Álbette, júziwdi úyreniń. Dárya astı relyefi hám tereńligin bilmeseńiz, suwǵa shomılmań.





Tosıq artında júzbeń.

Suwdaǵı oyın waqtında itibarlı hám



**Dóretiwshilik jumıs**

Jazǵı demalıstı mazmunlı ótkeriw boyınsha reje islep shıǵıń.



edurtm_uz

# MAZMUNÍ

## I BAP. IMKANIYATLAR ESIGI

1-tema: Álemdi tań qaldırǵan diyar .................................... 4
2—3-tema: Imkaniyatlar hám múmkinshilikler .................... 8
4-tema: Men qanday insan bolıwım kerek ........................12

## II BAP. SHAŃARAQTAǴÍ MÚNÁSIBETLER

5—6-tema: Qariyası bar úydiń perishtesi bar ...................... 16
7—8-tema: Mektebim — qádirdanım ................................. 21
9-tema: Doslarımnıń jetiskenlikleri ...................................... 25
10-tema: Kim bolsam eken? ............................................... 27

## III BAP. TÁRTIP-INTIZAM JOLDASÍŃ BOLSÍN HÁRQASHAN

11—12-tema: Insan ómirinde qaǵıydalardıń ornı .................. 29
13-tema: Jámiyetlik transportında ....................................... 33
14—15-tema: Saw denede — sap aqıl ................................ 36
16—17-tema: Qáwipsizligiń óz qolıńda ................................40
18-tema: Jaqsı hám jaman ádetler .......................................45
19-tema: Ótiriktiń ómiri qısqa ............................................. 48
20-tema: Birewdiń haqı ......................................................... 50
21-tema: Tártip hám intizam tabısqa qaray bir qádem .........54

## IV BAP. DOSLÍQ—BAYLÍQ, TATÍWLÍQ —DANALÍQ

22-tema: Birlesken ozar ........................................................ 57
23-tema: Húrmetke erisiw ..................................................... 60
24-tema: Insanıylıq ................................................................ 62
25-tema: Úyimizge qonaq keldi ..............................................64
26-tema: "Qonaq-qonaq" ....................................................... 66
27-tema: Doslıq — joqarı pazıylet .......................................... 68
28-tema: Sawǵa beriw hám sawǵa alıw tártibi ...................... 71
29-tema: Zıyarat ádebi ......................................................... 74
30-tema: Jazǵı demalıs — bir jılǵa tatır ................................. 78

@edurtm_uz

O'quv nashr

**Ismatova Nargiza, Ro'ziyeva Dilnoz, Islomov Zohidjon, Rahimjonov Durbek, Sattorov Shuhrat, Zamonov Zokir, Mahmudov Obiddin, Zokirova Sevara, Madaliyeva Sevara, Shermuhamedova Saodat, Akkulova Saodat, Mo'minova Laylo, Xolmuxamedova Nilufar**

# TARBIYA

2-sinf uchun darslik

*(Qoraqalpoq tilida)*

Xudojnikle: *Najotbek Jo'raboyev, Azizbek Jabborov*
Awdarmashı *Zulfiya Oserbaeva*
Redaktorı *Sulıwxan Aytmuratova*
Kórkem redaktor: *Izzat Yo'ldoshev, Islam Serjanov*
Texnik redaktor: *Tatyana Xaritonova, Batır Turımbetov*
Dizayner hám betlewshi *Komoliddin Nadjmiddinov*
Operator *Ayparshın Begdullaeva*

Baspa licenziya nomeri AI № 290. 11.04.2016.
2020-jıl 22-sentyabrda basıwǵa ruqsat etildi.
Formatı 60x84$^1/_8$. Kegli 16 shponlı. Pragmatica KRKP garniturası. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 10 b.t. 7,5 esap tabaǵı.
Tirajı 13.331 dana. ___ cifrlı buyırtpa.

Dizayn koncepsiyası hám usılı Kolorpak JSHJ tárepinen tayarlandı.

COLORPACK

Ǵafur Ǵulam atındaǵı
baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde basıp shıǵarıldı.
100128. Tashkent. Labzak kóshesi, 86.

**www.gglit.uz** **info@gglit.uz**